KISA DIFERAN PATI NAN SÈVO A FÈ?

LÒB FRONTAL

Responsab pou fonksyon egzekitif yo - rezoud pwoblèm, regilasyon emosyonèl ak kontwòl enpilsyon, jijman, planifikasyon ak atansyon.



LÒB PARYETAL

Itilize pou òganize, reglemante ak entèprete enfòmasyon sansoryèl. Enpòtan pou konprann matematik ak relasyon vizyèl-espasyal. Responsab planifikasyon motè.

LÒB TANPORÈL

Travay avèk memwa vizyèl, vèbal ak langaj, pwosesis oditoryèl ak entèpretasyon emosyon ak reyaksyon lòt moun.



LÒB OKSIPITAL

Tretman vizyèl ak pèsepsyon mond lan, ki gen ladan pèsepsyon pwofondè, ansanm ak lekti ak rekonesans mo enprime.

SEREBELÒM

Regle kowòdinasyon ak kontwòl mouvman volontè, balans ak ton miskilè.



TIJ SÈVO

Jere kowòdinasyon tout fonksyon vital kritik yo tankou kè, respirasyon, vale, refleks, regilasyon tanperati, dòmi, ak balans.